



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

AVI REKRITMAN

Akademi Kreyòl Ayisyen se yon Enstitisyon Leta endepandan. Misyon li se travay pou kore devlopman Lang ak Kilti Kreyòl la nan sosyete a epi defann Dwa lengwistik tout Ayisyen. Li fè tout moun konnen, li ap rekrute twa (3) Pwofesyonèl pou li konplete pèsònèl Akademi an:

1. Yon Responsab pwojè ak rechèch

Yon Pwofesyonèl pou Elaborasyon, evalyasyon, suivi Pwojè / konpetans nan Rechèch syantifik.

2. Yon Asistan Administratif

Yon Pwofesyonèl nan Syans Administrasyon ak konpetans nan Jesyon Resous Imèn;

3. Yon Responsab aktivite nan Bibliyotèk AKA

Yon Pwofesyonèl nan Lengwistik / Konpetans nan animasyon atelye lekti ak Bibliyotekonomi;

1.1- Responsab pwojè ak rechèch la dwe :

- gen yon metriz nan yon domèn Syans sosyal ak Atestasyon Etid pou Elaborasyon Pwojè;
- gen twa (3) lane esperyans nan travay elaborasyon, suivi pwojè ak Rechèch syantifik ;
- demontre enterè li genyen pou lang kreyòl ;
- montre kapasite li nan lang franse, konnen lang anglè oswa panyòl se yon avantaj;
- disponib pou patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje.

2. 1- Asistan Administratif an dwe :

- gen yon lisans nan Syans administrasyon oswa syans kontab ak Atestasyon Etid nan Jesyon Resous Imèn ;
- gen Twa (3) lane esperyans nan travay administrasyon oswa nan sèvis Resous Imèn ;
- demontre enterè li genyen pou lang kreyòl ;
- disponib pou patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje.

3.1- Responsab aktivite a nan Bibliyotèk AKA dwe :

- gen yon lisans nan Syans Lengwistik ak Atestasyon Etid Bibliyotekononi ;
- gen de (2) lane esperyans nan domèn lengwistik kreyòl oswa ak jesyon bibliyotèk
- demontre enterè li genyen pou lang kreyòl ;
- disponib pou patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje.

Kalite tout kandida dwe genyen

Anplis kalifikasyon ak esperyans, kandida yo dwe :

- gen bonjan konpetans nan lang kreyòl ;
- montre dispozisyon pou respè prensip ak etik pwofesyonèl ;
- montre kapasite pou li kominike epi devlope bon relasyon ak moun ;
- gen sans responsablite.

Pou kandida yo jwenn deskripsyon travay pou chak pòs, yo kapab vizite sit Akademi an :

<http://www.akademikreyol.net>

Pou plis enfòmasyon, telefòn : **3333-0815 / 3333-0816 / 4363-6666** oswa ekri

enfomasyon@akademikreyol.net

Dat limit pou kandida yo depoze dosye yo se 22 novanm 2023 (CV, kopi diplòm, atestasyon, lèt motivasyon, foto ak pyès idantite) nan biwo AKA : 20, Avni Lamartinière, Bwa Vèna) epi transfere tout dokiman yo eskane sou imel

egzekitif.aka@akademikreyol.net

1- Deskripsyon travay ak responsablite Responsab pwojè ak rechèch AKA *Pwofesyonèl pou Elaborasyon, evalyasyon, suivi Pwojè / Rechèch syantifik*

Tit pòs la : Responsab pwojè ak rechèch

Kote li afekte : Direksyon syantifik AKA

Moun ki sou tèt li : Direktè syantifik AKA

- **Kalifikasyon:**

Responsab pwojè ak rechèch la dwe :

- gen yon metriz nan yon domèn Syans sosyal ak Atestasyon Etid pou Elaborasyon Pwojè;
- gen Twa (3) lane esperyans nan travay elaborasyon, suivi pwojè ak Rechèch syantifik ;
- demontre enterè ak konpetans li genyen nan lang kreyòl ;
- montre kapasite li nan lang franse, konnen lang anglè oswa panyòl se yon avantaj;

- **Deskripsyon tach pou pòs Responsab pwojè ak rechèch la**

- Elabore, evalye, asire suivi pwojè nan Direksyon Syantifik AKA
- Kowòdone aktivite pwojè yo;
- Prepare ribrik bidjè pwojè yo ak Administrasyon an;
- Reyalize travay rechèch anba sipèvizyon Komisyon syantifik la
- Prepare materyèl pou pwojè a;
- Patisipe nan reyinyon anplwaye Akademi an;
- Ekri rapò sou aktivite pwojè yo ;
- Akonpaye Komisyon syantifik AKA nan pwodiksyon zouti referans pou Lang kreyòl
- Asire suivi Pwojè AKA ki nan Pwogram Envestisman Piblik ;
- Patisipe nan travay pwodiksyon syantifik AKA
- Patisipe nan konsepsyon ak reyalizasyon Kou Kreyòl nan medya oswa Kou a distans
- Reyalize lòt travay nan biwo a nan kad misyon Akademi an;
- Dwe disponib pou li patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje.

2- Deskripsyon travay ak responsablite Asistan Administratif AKA *Pwofesyonèl an Syans Administrasyon ak konpetans nan Jesyon Resouzimèn*

Tit pòs la : Asistan Administratif

Kote li afekte : Direksyon Administrasyon AKA

Moun ki sou tèt li : Administratè AKA

- **Kalifikasyon**

Asistan Administratif la dwe :

- gen yon lisans nan Syans administrasyon oswa syans kontab ak Atestasyon Etid nan Jesyon Resous Imèn ;
- gen Twa (3) lane esperyans nan travay administrasyon oswa nan sèvis Resous Imèn ;
- demontre enterè ak konpetans li genyen nan lang kreyòl ;

- **Deskripsyon tach pou pòs Asistan Administratif la**

- Akonpaye Manm Administrasyon an ak Sèvis kontablite a nan suivi dosye finansye
- Asire suivi konje anplwaye AKA;
- Asire kontwòl prezans, absans ak reta anplwaye AKA ;
- Asire jesyon depasman moto nan AKA ;
- Asire suivi livrezon chèk ak fich gaz Administrasyon an remèt ou pou suivi;
- Patisipe nan suivi dosye pou Ministè Finans ak Kou Siperyè Dèkont ;
- Patisipe nan suivi dosye ak founisè AKA ;
- Patisipe nan klasman dosye Administratif ;
- Jere dosye Pèsonèl AKA ;
- Reyalize lòt travay nan biwo a nan kad misyon Akademi an
- Dwe disponib pou li patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje.

3- Deskripsyon travay ak responsablite Responsab aktivite Bibliyotèk AKA *Pwofesyonèl an Lengwistik / Animasyon atelye lekti ak Bibliyotekonomi*

Tit pòs la : Responsab aktivite nan Bibliyotèk AKA

Kote li afekte : Direksyon syantifik AKA

Moun ki sou tèt li : Direktè syantifik AKA

- **Kalifikasyon:**

Responsab aktivite nan Bibliyotek la dwe :

- gen yon lisans nan Syans Lengwistik ak Atestasyon Etid Bibliyotekonomi ;
- gen de (2) lane esperyans nan domèn lengwistik kreyòl ak jesyon bibliyotèk ;
- gen de (2) lane esperyans nan animasyon atelye lekti / ekriti pou jèn ;
- demontre enterè ak konpetans li genyen nan lang kreyòl ;

- **Deskripsyon tach pou pòs Responsab aktivite ak animasyon atelye lekti nan Bibliyotèk AKA**

- Prepare epi jere aktivite akademik nan bibliyotèk AKA (espozisyon, atelye, kozri ...)
- Prepare envitasyon pou elèv lekòl ak etidyan Inivèsite patisipe nan aktivite bibliyotèk ;
- Prepare pwogram animasyon akademik pou bibliyotèk la;
- Jere aktivite yo nan bibliyotèk la;
- asire suivi avèk lekòl yo, ak Inivèsite yo ;
- Tabli relasyon pou kowòdonne aktivite ak lòt bibliyotèk nan peyi a
- Dwe disponib pou li patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje ;
- Reyalize tout lòt travay ki lyannen ak misyon Akademi an.